АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№2 (9943)

РУЗМАН

22 январь 2021 сон

9 ДЖУМАД АЛЬ-АХИР 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ БАРКИ

## 100 сон - эркенаб гIумруялъе




ХIурматияб районалъул жамагIат ва тIолго республикаялъул халкъ!

Гьале 100 сон данде сверана Дагъистаналъе автономия кьун эркенлъи щвараддаса. Баркулеб буго нилъер щивасул къисматго хисизабураб гьеб тарихияб къо!

1921 соналъул 20 январалда ТIолгороссиялъулаб Централияб Исполнительнияб Комитеталъ юридическияб къагIидаялъ Дагъистаналъул автономия чIезабуна. Гьеб къоялдаса нахъе 100 сонилаб тарихалда жаниб нилъер республикаялда экономикияб, социалияб, культурияб, гIелмуялъулаб, лъайкьеялъулаб, медицинаялъулаб ва гьединго нухал гьариялъул, росдал магIишаталъул рахъалъ лъугьана гIемерал хиса-басиял ва церетIеял. Араб гIасруялда жаниб тIаде ккараб къо къадрукъиматалда борхана нилъер районалъ ва тIолго дагъистанияз. Дагьал рукIинчIо захIматал къоял: КIудияб ВатIанияб рагъ, гьелда хадусел санал, Советияб хIукумат биххи, бандазулал къокъаби тIаде кIанцIи ва гьел гурел цогидалги.

Миллатал гIемераб Дагъистаналъул халкъалъул гьудуллъи ва вацлъи буго нилъер церетIеязеги, бергьенлъабазеги, цолъиялъеги кьучIлъун. Гьелда бараб буго нилъер букIинесебги.

РакI-ракIалъ гьарула нужее сахлъи, ракълилаб гIумру, баркат. ТIегьай абе нилъер гьитIинаб ВатIан- миллатал гIемераб Дагъистан!

*Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ*

■ ДАГЪИСТАН РЕСПУБЛИКАЯЛЪ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ГIатIидго тIоритIана юбилеялъул тадбирал

**20 январалда МахIачхъалаялда байбихьи лъуна республикаялъул гIасруялъул юбилей кIодо гьабиялъул соналъул тадбиразе. Гьеб къоялъ Дагъистаналъул тахшагьаралда тIоритIана цо чанго официалиял данделъаби ва байрамиял тадбирал.**








Ленинил цIаралда бугеб площадалда рохалилаб митингалда баркигун кIалъана МахIачхъалалъул бетIер Салман Дадаев, ДРялъул ХIукуматалъул председателасул заместитель Анатолий Карибов ва цогидал. Гьенир рихьизаруна документалиял кинаби, бицана Дагъистаналъул тарихалъул. Портпетровскалдаса МахIачхъалаялде цIар хисунги исана 100 сон тIубалеблъи ракIалде щвезабуна жиндирго кIалъаялъулъ С. Дадаевас.

Гьединго шагьаралъул тарихияб кIвар цIикIкIарал бакIазде «100 сон» абураб экскурсия тIобитIана берцинго къачIараб хасаб троллейбусалда.

КIудияб байрамияб концерт тIобитIана ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб комплексалда. Гьеб тадбиралъе байбихьи лъуна Россиялъул президент В.В. Путинил барки цIалун цеве вахъарав СКФОялда РФялъул президентасул ихтиярал кодосев вакил Юрий Чайкаца. Гьениб гIахьаллъи гьабуна ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовас, республикаялъул нухмалъулез ва хIурматиял гьалбаз. Дагъистаналъул миллатазул бечелъиги хаслъабиги рагьулеб маданиябгун халкъияб цирерахъин бихьизабуна республикаялъул машгьурал артистаз ва коллективаз. ГIасруялда жаниб Дагъистаналъул тарихалда ккарал аслияб хIужжаби рагьулел рукIана рекIелъе бортуледухъ гIуцIараб композициялъ.

Дагъистаналъул 100 сонил юбилеялде биччараб хасаб конверталда мугьру лъолеб тадбир тIобитIана Республикаялъул Почтаялъул бетIераб идараялда. Гьенив гIахьаллъана ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликов ва Федералияб почтаялъул Управлениялъул нухмалъулев МахIач МухIамадов. 250 азарго экземпляр юбилеялъулаб конвертазул тIибитIизе буго тIолго Россиялда ва къватIисел улкабазда.

Гьебго къоялъ М.Горькиясул цIаралда бугеб ГIурус театралда тIобитIана республикаялъул ва районазул нухмалъулел ва хIурматиял гьалбал данделъараб официалияб тадбир. Гьениб баркиялъулал кIалъаялгун цере рахъана РФялъул президентасул администрациялъул председателасул заместитель МухIамадсалам МухIамадов, РФялъул Госдумаялъул депутатал ва цогидал. Гьалбадерий баркалагун, халкъалде баркигун кIалъана ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликов. ВатIаналде рокьигун, миллатал цолъун, республикаялъул экономикиябгун промышленияб цебетIеялъе кидаго къеркьолел рукIана дагъистаниял. Гьелде кIвар буссинабуна С.Меликовасги. Дагъистаналъул гвангъараб букIинеселда ракIчIейги загьир гьабуна гьес. Хадубккун тадбир берцин гьабуна республикаялъул магьшурал артистазул церерахъиназ.

ЦIияб гIасруялде гали тIамулеб Дагъистан республикаялъ 100 сон тIубаялде исана жеги гIемерал байрамиял тадбирал тIоритIизе руго.

*П. МУХIАМАДОВА*

### *ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ АВТОНОМИЯЛЪ - 100 СОН*

*Гургинаб гIасру ана, гIагараб дир Дагъистан,*
*Дуе автономия лъазе гьабуралдаса.*
*Лъугьана мун бащадго тIолабго улкаялъул*
*Киналго халкъал гIадин бакъуе гьумер кьураб.*

*РукIана захIмалъаби заманаялъ къулчIарал,*
*ХIехьана ракъи-къечги*
*къисматалъ дуе кьурал,*
*РукIана лъавукълъиялъ лъукъарал дур саналги,*
*Сундулго гIайиб гьечIел*
*рачун жанир лъуралги.*

*РукIана улкаялъе хIинкъи цIикIкIарал санал,*
*Совет ВатIан теларин*
*Гитлер тIаде кIанцIарав.*
*КIинусазарго васас борчана рачлихъ ярагъ,*
*РухIги гIумруги кьуна гIагараб ракь цIунизе.*

*ЦIарал гIемерал руго ВатIан цIунун хваразул,*
*ЦIадул балагь нахъ чIвазе*
*хвел тIаса бищаразул.*
*Нахъа гIолеб гIелалъе гIураб мисал тана гьез,*
*Умумалъаго щвараб яхI гIодоб рехичIо гьез.*

*Санал-къоял анагIан тIегьана мун Дагъистан,*
*ТIолабго нилъер тарих талихIалъул бакъ буго.*
*Жакъад гIелмуги буго, гIалимзабиги руго,*
*ГIурхъи бахун къватIире*
*машгьурлъаралги руго.*

*Шамилил бахIарчилъи, МахIачил цевехъанлъи,*
*ЦохIо Расулил шигIру*
*щвечIеб букIон киб бугеб?*
*ХIабибил бергьенлъиялъ*
*борхичIищ мун Дагъистан,*
*ГIабдурашид къачIараб*
*къебелъи мун Дагъистан.*

*ГIи-боцIул церехъабаз, хур-ахалда хIалтIулез,*
*ЗахIматалъ лъадарараз цебе бачунеб улка,*
*ГIумру-яшав лъикIлъиялъ,*
*лъикIал гьунарал ишаз*
*Ракълида, къадруялда*
*къойил тайги Дагъистан.*

*ЧIухIе мун гIагараб ракь,*
*биччай заман анагIан*
*Зодихъ ругел цIвабзазулъ*
*цIарал жеги цIикIкIине.*
*ЦIадулал ракIал ругел васаз Дагъистан цIезе,*
*Сабру-намус бергьарал мусудул гьанир гIезе.*

*Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Аралдаса ракI буссун, букIинелде ургъел ккун

ЛъагIалил ахир гIагарлъигун батIияб асар лъугьуна инсанасул рекIее. Цоязе гьеб букIун батула битI буге6, цогидазе дуниял бигъарабин абулеб. Щияб соналде дандчIвай гьабулаго щивасул рижула цIиял анищал, бачIунеб соналъе цере лъурал масъалаби тIуразариялъе ккарал сабабал, квалквалал. «Хехго тIаса босаяб» - илан ахIдолел рукIаниги, гьеб буго гIицIго календаралда тарихалъул ва заманаялъул роцен.

Щибаб календарияб лъагIалил рукIуна жиндирго хаслъаби. Араб 2020 сон хехго кIоченаро дунялалъул халкъаздаго. Январь моцIалъ рагIана цIияб унтиялъ тIоцевесев инсан къурбанлъанилан. Гьелъул хIинкъи къабул гьабулел къанагIатги рукIинчIо. РикIкIадасеб Китай цебе чIезабун, гьеб киданиги нилъер улкаялде щвелин ракIалде кколароан. Амма март моцIалъ улкаялдаго гIемерисел идарабазда хIалтIуде рахьиналда, школазда, ВУЗазда, кинабго хьвада-чIвадиялда гIурхъи чIвана. РагIана унтиялъ хехаб заманалда тIоцересел нилъер республикаялда хваразул цIарал. КIудияб ВатIанияб ракъул заманаялъ гIадин цIикIкIана магIирукъал.

Улкаго урхъараб КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялъул байрамгицин нахъе бахъун гIадатияб гуреб къагIидаялъ тIобитIана. Бергьенлъи босисе кIванин тараб коронавирусалде данде къеркьеялъе тIоритIарал гIурхъи чIваял бигьалъизабурабго нахъеги цойги карачелалъ унтарал цIикIкIинаруна.

Амма гIумру чIун хутIун гьечIо, гьеб унеб буго гьобго чвахигун. Гьаб соналъ нилъер районалда, тIолго республикаялдаго цадахъ кIодо гьабизе буго Дагъистаналъе автономия кьун 100 сон тIубаялъул тадбирал. Гьелдаго цадахъ тIобитIизе ракIалда буго «Цолъи» басма къватIибе биччаралдаса 90 сон тIубай. Хьул буго гьел тадбирал кколеб даражаялда тIоритIизе санагIалъаби ккелин. Узухъда, щивасда тIадаб буго гIага-божаразул, районцоязул сахлъиялъул ургъел гьабун, цIуна-къаялъул тадбирал тасамахIлъизе течIого тIуразаризе. Халкъалъул гъункиялъ, тIалабал ва тIадкъаял дурусго тIуразариялъ, гIумру тIегьала ва наслабазе мисаллъун хутIила.

■ ДАГЪИСТАН РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Школазда ДАССРалъул къо

**20 январалъ 100 сон бана Дагъистаналъе автономия щвараладаса . Дагъистаналъул тарих ва тIолго дагъистаниязул къисмат хисизабураб гьеб хIужжа кIодо гьабун тIоритIулел тадбиразда гьорлъ руго киса-кирего школазда гьарурал хIадурлъабиги.**



Нилъер районалъул школаздаги тIоритIана гьел тадбирал. Гьаб заманаялъ гIемерав чи данде вакIаризе бегьунгутIиялъ, щибаб классалъ жидецаго батIаго гьаруна хIадурлъаби, ва жидерго классазда жанир рихьизаруна гьитIиналго тадбирал. РекIее лъикIаб асар гьабуледухъ, берцинаб ахIвал-хIалалда тIоритIана цIалдохъабазул церерахъинал.

Тадбиразул аслияб масъалалъун букIана гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия щвей, гьезда Дагъистаналъул тарих лъазаби, ВатIаналде рокьи бижизаби. ЦIалдохъабаз рикIкIана жидецаго гьарурал кучIдул. Церерахъиназда гьез рихьизаруна умумузул хьвада-чIвади, гIадатал, букIараб магIишат-яшав.

*П. ЖАМАЛУДИНОВА*

# ГIасруялъул юбилеялде диктант

**ТIолго республикаялдаго тIобитIараб «ДАССРалъ 100 сон тIубай» абураб диктант хъваялъул тадбиралда гIахьаллъана нилъер районалъул цIалдохъабиги. 14 январалда гьенир гIахьаллъана байбихьул классазул, 21 январалда 5-11 классазул цIалдохъаби.**

Диктанталъул текстал хурхинарун рукIана Дагъистаналъул тарих, маданият, халкъиял бахIарзал, рахьдал мацIал, тIабигIияб бечелъаби лъазариялда. Диктант хъвай буго нилъ ругин дагъистаниял, гьеб цIар нилъеца кIодо гьабизе бугинги абураб магIнаялъул иш. Умумуз нилъехъего гIадин, нилъеца наслабазухъеги гьеб жавгьар гIадин кьезеги ккола.

Узухъда, Дагъистаналъул гIасруялъул юбилеялъул тадбираз ВатIаналде рокьи цIикIкIинабила.

Гьанжесеб, телефоназде къулараб, гIелалъ нилъерго тарих лъазабиялде, мацI цIуниялде кIвар гьабулеб гьечIо, гьезда гьеб лъалеб гьечIо. Диктант хъвай лъикIаб иш буго, амма лъикIаб букIинаан гьеб рахьдал мацIалдаги хъвалебани.

*Давуд ДАВУДОВ*

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Пайдаяб тадбир

**Ахираб заманаялъ Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул вакилзабаз гIемер хIалтIи гьабулеб буго гIун бачIунеб гIел битIараб нухде ккезариялъе.**

Гьедин, 20 январалда Шамил районалда бугеб отделалъул нухмалъулев, МухIамад Загьидовас ХIебда школалда тIобитIана иргадулаб тадбир. Гьес цIалдохъабазулгун мацI цIуниялда тIасан гара-чIвари гьабуна. Аслияб кIвар буссинабуна мацI, бугьтан-гъибаталдаса цIунакъай гьабиялде: «Ахираб заманалда лъикIаб хIал гьечIо нилъеца бицунеб мацIалъул. Цоясдаса рагIараб цогидасда бицунаго ккарал гъалатIаз нилъ кIудияб мунагьалде рачуна. Гьеб сабаблъун кколел руго батIи-батIиял такъсирал. Лъихьаниги гъалатI ккун батани, гьелда тIасан къваригIел гьечIел бахIсал гьарун, гъалатI ккавраги ккечIевги инсан хIакъир гьавурал хIужжаби гIемерлъун руго. Гьелъул гIаксалда нилъеда тIадаб буго битIараб нухдаса таразе кумек гьабизе, ккараб гъалатI битIизабизе. Нилъеда бихьараб, рагIараб тIибитIизабизе гIедегIизе бегьуларо. ГIакълу бугесда жиндирго тасамахIлъи бичIчIичIого хутIуларо. Аллагьас киназего тавпикъ кьейги мацI цIуничIоголъиялъул балагьалъ Алжаналдаса махIрумлъиялдаса»- ян гара-чIвари гьабуна МухIамад Загьидовас.



Цоцахъе, ккараб-тараб биценалъул рахсида ругез, кьолеб рагIул магIна хис-хисулеблъи бихьизабураб хIалбихьиги тIобитIана гьез цIалдохъабазда гьоркьоб.

*Давуд ДАВУДОВ*

# «ЛъагIалил мугIалим - 2021»

**Гьанжесеб заманаялъ мугIалимасда цере лъолел руго гIун бачIунеб гIел кинабго рахъалъ цебетIураблъун куцаялъе гIезегIан захIматаб масъалаби.**



14 январалда районалъул лъайкьеялъул отделалъ тIобитIана иргадулаб «ЛъагIалил мугIалим» абураб конкурсалъул муниципалияб этап. Къецазул мурад букIана лъай бугел, профессионалияб махщел камилал учительзаби тIатинари. Гьезул цебетIураб хIалтIул хIалбихьи цогидазда гьоркьоб тIибитIизаби. Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна ГьентIа, ТIидиб, ХIебда, КъахIиб гьоркьохъел школазул мугIалимзабаз.

Къецазда гьоркьобе уна ргьараб дарс кьей ва жиндирго хIалтIул методикагун церетIеязул бицунеб церерахьин. Гьезда жаниб конкурсантаз цIиял технологиял хIалтIизарулеб къагIида, жиндирго хасаб методика бихьизаби, ФГОСалъул тIалабазда рекъон гьабулеб хIалтIи бихьизабизе тIадаб букIана. Амма лъагIалидаса лъагIалиде гIахьаллъулел мугIалимзабаз дагьлъулел руго, къецаздехун хьулги гьираги тIагIунеб букIин батила.

Жюриялъул хIукмуялда рекъон бергьенлъи щвана КъахIиб гьоркьохъеб школалъул математикаялъул мугIалим МухIамадова ХIалимат Набиевналъе. Гьедин го призалъулал бакIазе мустахIикълъана ТIидиб гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул учитель МухIамадова ПатIимат, ГьентIа гьоркьохъеб школалъул биологиялъул мугIалим МухIамадова Хадижат ва ХIебда гьоркьохъеб школалъул математикаялъул учитель НурмухIамадова ГIайшат.

*П.ЖАМАЛУДИНОВА*

■ ДАГЪИСТАН РЕСПУБЛИКАЯЛЪ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# КъахIиб гIараб гIалимзабазул мажлис (съезд)

**Дагъистаналъул автономия гIуцIулеб букIараб 20-аб. санал рукIана цIакъ хIалуцарал. 1921 соналъул май моцIалъ ХIоцоса Нажмудинил аскаразде данде БагIараб армиялъул къеркьей лъугIун букIана. Гьев гочана Чачаналъе. Амма гIемераб мех иналдего, гьеб соналъул хаслихъе ХIоцоса Нажмудинил аскараз Совет хIукуматалде данде къеркьей цIи гьабуна. Цин байбихьи лъуна чачаназул мугIрул районазда Совет хIукуматалъул кверщел гIодоб ккезабиялдаса. Хадубккун, Дагъистаналъул 10 округалдаса 8 округалда восстаниялъулал къокъаби гIуцIун рукIана. Рагъулал аскраздалъун гуребги, гьел къокъабазде данде къеркьеялъе Совет хIукуматалъ махщалида хIалтIизабула рухIиял церехъабазул жамагIаталда гьоркьоб бугеб къадру-къимат. 1923соналъ Уфаялда тIобитIана ТIолгороссиялъул бусурбабазул мажлис. Гьениб гIалимзабаз киналго бусурбаби ахIана Совет хIукуматлъул рахъ ккеве.**

**Гьединго, рухIиял церехъабазул бищун цIикIкIараб кIваралъул данделъи тIобитIана КъахIиб росулъги. КъахIиб ахIараб гIараб гIалимзабазул мажлис Дагъистаналъул тарихалда гуребги, ТIолгороссиялъул тарихалда кIудияб кIваралъулаб букIиналъе хIужжалъун ккола гьелъул хIакъалъулъ «БагIараб Дагъистан» газеталъул лъабго номералда мажлисалъул баянал рахъи ва доб заманалда Советияб хIукуматалъ къураб къимат.**

**Исана нилъер республика гIуцIун 100 сон тIубаялде Шамил районалъул росабазул тарихалдаса къолел ругел хIакъикъатазулги бищун кIвар цIикIкIараблъун ккола КъахIиб ахIараб гIараб гIалимзабазул мажлис (съезд). Гьелъ нижеца М.М. ХIажиевасул «Шамил район» абураб тIехьалдаса босун, хисизабичIого къолеб буго гьелъул баян:**

«Гьеб иш букIана 1923 соналъул 20 ноябралда. Доб заманалда жеги гIуцIун букIинчIо район, гьединлъидал, гьанжесеб Шамил районалъул росаби унаан батIи-батIияв округазда гъорлъе. КъахIиб ахIараб мажлисалда гIахьаллъи гьабулеб букIана гIемерал округаздаса гIалимзабаз, гIарабистаз ва цIар рагIарал тIарикъат гIелмуялъул устарзабазги. Кавказалъул сардарлъиялде гьоркьобе унеб Дагъистан область 1868 соналдаса нахъе административияб рахъалъ аслияб куцалда бикьун букIана округазде ва наиблъабазде. РацIцIадал магIарул округал кколаан Гъуниб округ, Авар округ ва ГIанди округ. РукIана магIарулалгин цогидал миллатал журарал округалги. Масала, Дарги округалъул центр кколаан Кутиша росу, Темир-Хан-Шура округ (Буйнакск) гьелда гъорлъе унаан УхIлиб наиблъи. Терек областалда гъорлъе унаан Салатавиялъул наиблъи (гьанжесеб Казбек район). Гьединго аваразгIумру гьабулеб бакI букIана ЦIоралъул Закатала округалда цо чанго наиблъиялда ругел росабиги...

...Гьеб съездалъул председательлъун вищун вукIана КъахIиса ХIабибуллагь ХIажи, секретарьлъун – ГIуриса ГъазимухIамад дибир...

Хаслихълъиялъул гьел къояз КъахIиб ахIулеб бусурбабазул съездалда гIахьаллъи гьабизе рачIун рукIана магIарул 42 росулъа 76 гIанасев гIалимчи, шайихзаби ва дибирзаби. Гьездаго цадахъ рачIун рукIана гьезул муридзаби ва цогидал гIадамалги. Гьеб съездалъул букIараб кIваралъул хъван букIана доб соналъул 27 ноябралда «БагIараб Дагъистан» газеталда. Хъвана хадурги гIемерал макъалаби, амма гьел рукIана заманалда рекъезарун хъварал, халкъалда тIубан бичIчIуларел. Щайха гьеб съезд КъахIиб ахIизе ккараб? Гьелъие жаваб къолеб буго живго обком партиялъул тIоцевесев секретарьлъун вукIарав Нажмудин Самурскияс «Съезд ахIизе бакI тIаса бищулаго, хIисабалде босана гьеб ахIиялъул хIаракатчи, жиндасан гIадамазе кIудияб асар бугев Шайих ХIабибулагь КъахIисев гьенив вукIиналъ»-ян.

ХIабибуллагь ХIажи ва ХIасан хIилми рукIана доб заманалда большевикал бергьине рукIинги лъан, ХIоцоса Нажмудинил рахъ кколел, гьезда данде рагъун гIадада биял гIодоре тIезе бокьичIел гIадамал. Гьелъул хIакъалъулъ гьез Нажмудинасухъе хъварал гIемерал кагътазул насихIатазул гьабураб тIехьги буго. Самурскияс нахъеги хъвалеб буго: «ХIоцоса Нажмудинил дандияздa бичIчIулеб букIана Советияб властальул къуват» абун. Гьелдалъун, гьел шайихзаби данде чIарал рукIана гIададисел къурбанал ккеялда. КигIанго гьел шайихзабазе бокьичIониги гражданияб рагъалде байбихьана, гьел ва цогидал чIахIиязул рагIухъ ва насихIатазухъ ХIоцоса Нажмудинас гIин тIамичIолъиялъ. Гьединал рагъаз Советияб властальул нухмалъулезул диниял гIадамаздехун цщин ва рокьукълъи цIикIкIинаби гуреб щибго хайир ккечIо.

ТIадехун рехсарал, диналъе квалквал ккезе бокьичIел гIадамал, шайихзаби магIарухъ гIемерал рукIиналъ, рес къун букIана гьезие жидерго съезд ахIизе. Гьеб съезд унеб букIана цIакъго бегIерго ва хIалуццун. Зама-заманалдасан гьезул иш хунжрузде раккиялдегицин кколеб букIана.

Нажмудинасда кIвана магIарулал большевиказда данде рахъинаризе, дин цIуниялъул мурадалда, амма кIвечIо жибго гьеб дин цIунизе. КигIан цIаларав чи вукIаниги Нажмудинасда лъачIо цебехун жиндиего ва халкъалъе лъугьине бугеб жо. Гьезул къисмат ккана шайихзабазда бичIчIухъе.

«Рагъ байбихьарал округаздагицин киналго росаби гуро Советияб властальe хилиплъарал,-абун хъвалеб буго Н. Самурскияс. Масала, тIолабго ГIанди округ гуребги, гьеб рагъулъ гIахьаллъи гьабизе бокьичIезда гъорлъ рукIана гIалимчи, машгьурав шайих КъахIиса ХIасан-хIилми, ХIабибулагь ХIажиги ва гьесул рахъ ккуралги.»



Басрияб КъахIиб росу

Кинал суалалха гьеб съездалда гьоркьор лъурал, кинал хIукмаби къабул гьарурал? Съездалъ Ленинихъе битIана телеграмма.

Москва. Ленинихъе. МугIрузулаб Дагъистаналъул шайихзабазул ва рухIаниязул 76 чияс салам кьолеб буго дуе, захIматчагIазул кIудияб армиялъул вождасе. Гьелъ тIолабго дунял эркен гьабулеб буго лагълъиялъул ва инжитлъиялъул рахсаздаса. Ниж божула дур армиялъул бергьенлъиялда, ниж божула армиялъул кумекалдалъун бусурманлъи зулмуялдаса эркенлъизе букIиналда. Ниж, нижер мискинзабигун цадахъ, ралагьун чIун руго мун сахлъиялъухъ. Нижеца кумек гьабила дур армиялъе. Съездалъ вищарав председатель шайих КъахIисев».

...Съездалъул гьоркьор лъурал суалазул бищунго аслияблъун букIана кIиго суал: Советияб властальдехун бугеб бербалагьи, ХIоцоса Нажмудинил ишазе къимат кьей. Хунжрузде ккезегIанцин тIоцебе дагIба-кьецалда рукIарал съездалъул гIахьалчагIазул ахир-къадги гIакъиллъи гIуна цоцазулгун пикраби рекъон ккезаризе, гIемерисел разилъарал хIукмаби къабул гьаризе. (КигIанха гьединаб гIакъиллъи, цоцазда бичIчIи хIажат бугеб жакъасел диниял хIаракатчагIазда ва миллатазда гьоркьобги).

КъахIиса ахIараб гьеб съездалъ къабул гьабураб аслияб документлъун ккола Дагъистаналъул ва тIолабго дунялалъул бусурбаби вацазде гьабураб хитIаб буссинабун букIин Северияб Кавказалда ругел миллатазул мацIаздеги. Къокъ гьабун абуни, гьез жидерго ахIи буссинабулеб букIана цIияб Советияб пачалихъалъ хIаракат бахъани лъикI букIиналде. Амма гьез жидергоги разилъи лъазабун букIана дин пачалихъалдаса батIа гьабуниги, шаргIиял ва закониял кьучIазда халкъиял судаз хIалтIи гIуцIиялде, школал рагьиялде ва цогидалги цIиял суалазде. Жидерго ахIиялда гьез бичIчIизабулеб букIана, динияб гуребги цогидаб гIелмуги хIалтIизабизе бегьулеблъи. КинабгIаги гIелмуялъ гIадамасул рухIияб рахъ, гIакъло-лъай бугеллъун къуват ва гуч бугеллъун лъугьинаризе рес букIин. Бихьизабулеб букIана пачаясул хIукуматалъ гIицIго ханзабазул, бегзабазул ва цогидал бечедал гIадамазул лъималазе гурони лъай щвезе рес букIинчIеблъи. Советияб властальин абуни, гьезда гьоркьор ругел киналго гIорхъаби хвезарулел рукIинги.

РакIалда чIезабе, бусурбаби вацал-ан абулеб буго ахIиялда- Советияб власть бечедаз мискинзабазда тIад зулму-хIал гьабиялде данде къеркьолеб букIин. РакIалда чIезабе, Советияб властальъ кинабго рес бугебщиналдаса пайдаги босун, цIакъго кIудиял захIмалъабиги хIехьон, галиялда хадуб галиги тIамулаго, щивав чи лагълъиялдаса тIуванго эркен гьавизе, миллатазул жалго жидедаго чIей букIинабизе хIаракат бахъулеб букIин.

Советияб властальъ нилъ ахIулел руго унго-унгояб эркенлъиялде, жиндее гIоло аза-азар нилъер умумуз гIумру кьураб имам Шамил къеркьараб эркенлъиялде...

...Съездалда гIахьаллъарал киналго цIаларал гIадамаз Дагъистаналъул ва Северияб Кавказалъул миллатал ахIулел рукIана цоцалъ рекъон ракълида рукIиналде. Гьез советияб властальул рахъ кколеб букIана, гьезул байбихьи щибго диналда зарал гьечIеб, мискинзабазул рахъ кколеб букIиналъги. Гьелда божаралги рукIана киналго бусурбаби.

Амма жидерго къучI щулалъидал, Советияб властальъ, ай коммунист партиялъ Марксилгун Ленинилаб идеологиялда рекъон ракьалдаса кинабгIаги дин ва гьелда божулел лъугIизаризе байбихьана. ХIинкъи букIана хасго диниял церехъабазе, гIарабистазе ва цогидал лъаялъул рахъалъ цересел кьерда рукIаразе. Лъеберабилел, репрессиялъулал соназда хъачIго хвезабуна бусурбабазул гьеб божилъи. Съездалда гIахьаллъи гьабурав ЦIадаса ХIамзатица жиндирго кочIолъги рехсон букIана «Нодо ччукIизегIан какал раниги, квал-квал дуе гьечIо большевиказул»-илан.

Съездалъул гIахьалчагIаз киналго Дагъистаниял ахIулел рукIана Советияб властальe мукIурлъизе. КъурьанaлдагиI бугелъул тIад тарав хIакимасе мутIигIлъи бусурбабазда тIадаб бугилан.

КIудияб божилъи букIана доб 1923 соналдасаго нилъер цIаларал гIалимазде, шайихзабазде, имамзабазде, мутагIилзабазде Дагъистаналъул нухмалъулезулги, гьеб заманалда гьездаги лъалеб букIинчIелъулха жидерго политика хисизе букIин.

Съездги къан жиде-жидер росабалъе иналде гьез киналго разилъун къабул гьавуна КъахIиса ХIасан хIилми афанди жидерго нухмалъулевлъун тезе...

...«Мунагь гьечIеб би гIодобе тIурав, Аллагьасул нагIанаялъе мустахIикъав вукIана ва гьесде ганчIал разе ккола»-ян абурал КъурьанaлдасарагIабиги рехсон, съездалъ гIадамал ахIулел рукIана гIададисел биял гIодоре тIечIого теялде. Гьединаб хIукмуялда съездалда гIахьаллъаразул 76 чиясдасан 7 яв вукIана данде чIарав. Гьединлъидал, гьеб съездалда ккун букIана диниябгун политикияб рикьи.

Цояз тIалаб гьабулеб букIана Дагъистаналда гIицIго шаргIияб пачалихъ гIуцIизе. ГIемерисез абулеб букIана большевикалги гIемерал ва къуватал ругин заманалда рекъон рукIинчIого нилъ бергьунарилан.

Репрессиялъул 30 абилел соназда хвезабуна гьединаб политика тIобитIиялъул нух, съездалъул гIахьалчагIазул Советияб властальде букIараб божилъи. Къазе байбихьана мажгитал, туснахъ гьаруна съездалда гIахьаллъарал ва гIахьаллъичIелги диниял хIаракатчагIи, ритIана Сибиралде, рахIму гьечIеб рагъ гьабуна рухIаниял лъугIизаризелъун...»

*П.МУХIАМАДОВА*

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪТАЛ

### ГIумруги сахлъиги цIуниялъе сабабалъе ратарал

ЦIул хъухъалеб бакIалда моцIгIан заманалъ цебе нагагъаб балагъалъ Могъохъ росулъа Сиражудинов Сиражудинил хъизаналъе кIудияб къварилъи ккана. Хехго гьей щвезаюна районалъул хирургиялъул отделениялде. Гьенир ругел хирургаз кIудияб кумек гьабуна захIматго йигей гIадан хвасар гьайизе.

Гьелъул гIумруги сахлъиги цIуниялъе сабабалъе ратарал хирургиялъул тIолабго отделениялъе, врачазе, медсестрабазе ва гьединго санитаркабазе кIудияб баркала загьир гьабулеб кагъат хъваян бачIана редакциялде ругьел Сиражудинов Сиражудиница ва гьесул хъизан Паридаца.

Аллагьас кIодо гьарейги, кир ругониги нагагьаб балагьалдаса цIунун хутIайги тIолабго коллектив. Паридаца бицунеб буго гьениб гьабулеб букIараб тIалаб-агъазалъулги, унтарасдехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъулги рехсон хIал кIвеларин абун. Гьединан сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда рахъун чIун рукIунел гьезие кидагосеб баркала буго Сиражудиновазул хъизамалъул рахъалдаса.

***НИЖЕР МУХБИР***

### Кинабго рекъараб коллектив

Черх загIиплъараб мехалъ, нилъ гIедегIула тохтурасухъе ине унти сах гьабиялъул мурадгун. Гьединан дунги щвана Ругъелда участковияб больницаялде.

Гьениб унтарасдехун гьабулеб бербалагьиги, тIалаб-агъазги бихьараб мехалъ, дида кканa гьале унго-унгоги Аллагьас сабабалъе ритIарал чагIи абун. ЗайнулгIабидов МухIамадица бетIерлъи гьабулеб гьеб больницаялда буго кинабго рацIцIаракъалъиги, унтарасдехун хIеренаб бербалагьиги, гьабулеб тIагIамаб квенги. Кинабго рекъараб цолъараб коллективги. Дица кIудияб баркала кьолеб буго терапевт МухIамаднур Къебедовасе, медсестрабазе, санитаркабазе, поваразе ва кинабго коллективалъего. Аллагьас кIодо гьарейги, балагьаздаса цIунун тайги, кIиябго рукъалъул талихI кьун рохизарейги.

*М.ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА*

■ БЕРГЬЕНЛЪИ

## Бакълъухъа мутагIил тIоцевесев




Араб соналъул ахиралда, рухIияб лъай кьолеб идараялъул цIалдохъабазда гьоркьор тIоритIарал къецазда тIоцебесеб бакI ккуна нилъер районцояв, Бакълъухъ росулъа, ГIумархIажиев АхIмадица. Конкурсалда гIахьалъи гьабуна азаралда анлънусгогIан чияс. АхIмад ккола Хьаргаби мадрасаялъул мутагIил. Гьес бихьизабуна пачалихъияб законазулги ва динияб рахъалъулги жиндирго бугеб лъай. Бергьенлъи босарасе сайгъатал ва грамотаби кьуна. Гьединго Хьаргаби мадрасалъул нухмалъулезги къиматаб сайгъат кьун кIодо гьавуна бажариги лъайги бугев жидерго мутагIил.

Бокьун буго АхIмадида баркизе ва баркала кьезе гьесул эбел-инсуе, мугIалимзабазе ва гьединго гIун бачIунеб гIелалъе гьединаб тарбия кьеялда гьоркьор гIахьаллъулезе.

Гьарула АхIмадие щулияб сахлъи, рохел, аваданлъи ва цIалулъ хадубккуниселги бергьенлъаби.

*МухIамад ХIАМЗАТОВ*

■ РЕКIЕЛ АХIИ

# Умумузул мисал-наслабазе дарс

МагIарул гIадат-гIамал цIунарал лъимал гIезаризе ккани, захIматаб заман буго нилъер.

Сундулъго буго гьарзалъи, амма мукъсанлъулеб буго намус-яхI бацIцIадго цIуниялде рачунел мисалал.

Телевизоралъул киналго каналаз бихьизабулелъулъ, интерненталъул гIатIилъухъ- кибго буго инсанасул вахIшилъи, пасалъи, хъантIи. Компьютераздаги телефоназдаги бугелъ асир гьарурал гIолилаз, гьеб жидер гIумруялъулъги букIине бегьулеб жолъун къабул гьабулеб буго. Гьанжесел мультфильмалгицин руго гьитIичазул гIакълу мукъсан гьабулел.

Нилъер сверухълъиялдаги камулел гьечIо гIарцуе гIоло эбел-эмен, росуракь, кьибил-тухум, жиндир наслугицин кIочарал, намус чорокал гIадамал. Гьеб киналъго гIадамазул цоцалъ гьуинлъи, хинлъи дагьлъизабун, цоцаздаса рикIкIадаллъун, цоцазул къварилъи-гIатIилъи бичIчIулареллъун лъугьинарулел руго.

Нилъер умумуца цIцIараб захIмат, къварилъи лъаларел наслаби руго гIолел. Гьезда лъалеб гьечIо кIодоэбелалъул лъимерлъи гIорцIизегIан кваназе чедцин щвечIого араблъи, гьебго заманалда цоцалъ ракIжубай цIикIкIун букIараблъи.

Рикъзи жубанани ракIалги журалаян, абулаан нилъер чIахIиял чагIаз.

Короних картошка бежаниги, цIетIе панкъ реханиги мадугьаллъи ахIулаанин бицунаан нижер кIодоэбелалъ. Гьелдаго цадахъ бицунаан кигIанго ресукълъиялда ругониги гIадамаз яхIнамус бацIцIадго цIуниялъул, гIемераб кьоги бихьун, ракъиги кIехьон колхозалда хIалтIиялъул. ЖамагIаталда ва Аллагьасда цебе намус бацIцIадаб гIумру букIана нилъер умумузул, гьеб нилъеда кIочене бегьиларо.



ГIарцуе магьари лъураб гьаб заманаялъ, гIарцул чванта цIурав гIабдаласул гIакълиги вахъун, доб цебесеб гIумру букIинего букIинчIеб гIадин кIочон унеб буго.

Нилъер умумузул рухIалги рохизаризе, Аллагьасда цере ракIбацIцIадаллъунги рукIине, сунцаха нилъ нахъе къазарулел ругел? Илбисалъ! Гьеб илбис буго къуваталда хьихьун нилъеца. Гьелъ тIамулев вуго инсан хъантIиялде, лъугьинавулев вуго сабру ва намус гьечIевлъун, ракI бицатавлъун.

Дагъистаналдаги, магIаруллъиялдаги нилъер район букIана ва буго кидаго мисалияблъун. БацIцIадаб динги буго, гIезегIанго лъикIал гIадаталги цIунун руго. Шагьаралда гIолел наслаби цIикIкIун магIарухъе щвараб гIан росурахьалде, жидерго умумузул ВатIаналде рокьи бугеллъун лъугьуна. Гьединал мисалалги гIемер руго нилъеда сверухъ.

Амма, кин бугониги, дагьлъун руго чIахIияз гIисиназе, цебесеб гIумруялдаса мисалалги рачун кьолел чIагоял дарсал.

Умумуца нилъее нус-нус соназ нахъе цIунараб бечелъи буго гьаб нилъер мацIги, тарихги, рухIияб хазинаги цIуни, тIад лъураб как, кIал гIадаб паризаяб жо бугин абизе бегьула.

Гьаб заманаялъ гIемерал хъизанал руго чIахIиязул адаб, росдал хIурмат цIунарал лъимал гIезарулеб. КIодол ва кIудадал дарсал, росдал гIумруялдаса мисалал хIажат руго жакъасел лъималазе.

**ХАДУРАГIИ**

**ХIурматиял, цIалдолел, бокьилаан бицине нуже-нужер росулъ ругел мисалиял хъизаназул, ракIалдещвезабизе умумузул гIумруялдаса мисалал.**
**Нижеца гьеб гьираялда бахъила газеталда.**

*М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА*


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Г. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде къураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данделъулеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электрониияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50